

Pa Pwolonje Kredi pou kliyan SNAP yo

Rapèl Enpòtan

Kisa yon Kont Kredi ye?

- Si ou pèmèt kliyan yo achte manje ak bwason men ou peye ak benefis SNAP pita (pa egzanp, chak semèn oswa chak mwa), w ap pwolonje kredi (kenbe yon kont kredi). **Sa a pa otorize.**
- An jeneral, kliyan ki peye ak benefis SNAP yo dwe peye nan moman yo resevwa manje yo.
- Ou pa gen dwa ekri nimewo kat EBT kliyan ou an oswa kenbe kat EBT a nan non yon kliyan.



Kisa k ap pase si mwen pèmèt yo peye kont kredi yo avèk avantaj SNAP?

- Yo ka diskalifye magazen ou a nan SNAP epi yo ka peye yon amann.
- Lè ou vyole règleman SNAP yo, magazen ou a kapab tou diskalifye nan WIC.

Fòm Anplwaye ou yo

- Antanke pwopriyetè magazen, ou responsab pou vyolasyon nan règleman SNAP yo, sa ki gen ladan sa anplwaye ou yo fè.
- Se responsablite w pou asire ke anplwaye magazen w yo revize materyèl fòmasyon yo, kit yo peye, kit yo pa peye, nouvo, apentan oswa a tan pasyèl.
- Ou ka itilize [materyèl fòmasyon sa yo](#) pou aprann sou règleman SNAP yo.

Ou ka anpeche vyolasyon ak yon règleman sou konfòmite magazen ak pwogram fòmasyon.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou fòmasyon ak Rapèl Enpòtan nan:
<https://www.fns.usda.gov/snap/retailer/training>



Si w gen kesyon, tanpri kontakte Sèvis Nitrisyon ak Manje, SNAP, nan RPMDHQ-Web@fns.usda.gov

USDA se yon founisè opòtinite egal, anplwayè ak moun kap prete w.

Avi pou detayan SNAP yo - 03/25/2024